ТЫЗЭКЪОТМЭ – ТЫЛЪЭШ!

# Адыгэ макъ

Голос адыга

1923-рэ илъэсым
гъэтхапэм
къыщегъэжьагъэу къыдэкIы

№ 107 (20870)

2015-рэ илъэс

ШЭМБЭТ
МЭКЪУОГЪУМ и 20

къыхэтиутыгъэхэр ыкIи
нэмыкI къэбархэр
тисайт ижъугъотэщтых
WWW.ADYGVOICE.RU

Адыгэ Республикэм и Правительствэ игъэзет

**Мэкъуогъум и 21-р — медицинэм иIофышIэ и Маф**

**Адыгэ Республикэм медицинэмкIэ иIофышIэхэу лъытэныгъэ зыфэтшIыхэрэр! Медицинэм иIофышIэ и Мафэ фэшI тышъуфэгушIо!**

*Шъо сэнэхьатэу къыхэшъухыгъэм цIыфхэм ренэу лъытэныгъэ фашIы, обществэми егъэлъапIэ. ЫгукIэ шIомыигъоу ащ щылэжьэнэу зи хахьэрэп. Шъуигуетныгъэ, шъуицIыфыгъэ, шъуищэIагъэ ыкIи пшъэдэкIыжьэу шъухьырэр зыфэдэр икъоу зэрэзэхэшъушIыкIырэм къакIэкIуагъ а лъытэныгъэу къышъуфашIырэр. ЦIыфхэм якъин къафэжъугъэпсынкIэзэ, щыIэныгъэм игушIуагъо яшъогъэгъоты, неущырэ мафэм яцыхьэ нахь телъынымкIэ IэпыIэгъу шъуафэхъу.*

*Непэ псауныгъэм икъэухъумэн Адыгэ Республикэм лъэшэу анаIэ щытырагъэты. МедицинэмкIэ псэолъакIэхэр ашIых, жъы хъугъэхэр зэтырагъэпсыхьажьых, уахътэм диштэрэ оборудованиер къащэфы, IэпэIэсэныгъэ ин зиIэ IофышIэхэм ягъэхьазырынкIэ Iофыгъуабэ зэшIуахы, медикхэм ялэжьапкIэ хэгъэхъогъэнымкIэ амалыбэ зэрахьэ.*

*Адыгеим медицинэмкIэ иIофышIэхэм яопыт, яIэпэIэсэныгъэ, ягуетныгъэ къызыфагъэфедэзэ, республикэм псауныгъэм икъэухъумэн зэрэщызэхэщагъэм джыри нахь хагъэхъонэу, тичIыпIэгъухэм ящыIакIэ нахьышIу зэрэхъущтым яIахь хашIыхьанэу тащэгугъы.*

*Ныбджэгъу лъапIэхэр, тыгу къыддеIэу зэкIэми тышъуфэлъаIо псауныгъэ пытэ, щыIэкIэшIу шъуиIэнэу, дунаир мамырэу, хъярым шъущымыкIэу бэрэ шъущыIэнэу!*

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

**Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Владимир НАРОЖНЫЙ**



# Iофыгъохэр агъэнэфагъэх

**Урысые Федерацием хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ иминистрэ игуадзэу, УФ-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ и Следственнэ департамент ипащэу Александр Савенковыр IофшIэгъу зэIукIэгъу иIэу тыгъуасэ Адыгеим щыIагъ.**

ХэбзэухъумэкIо къулыкъум ипащэхэм игъэкIотыгъэ зэхэсыгъо адырилагъ. Ащ хэлэжьагъ Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан.

Александр Савенковым Адыгеим икъулыкъушIэхэм яIофшIэн осэшIу къыфишIыгъ. Следовательхэм яIофшIэн нахь хагъэхъоным ынаIэ тыраригъэдзагъ. Хэбзэгъэуцугъэр амыукъоу, цIыфхэм яфитыныгъэхэр къыдалъытэхэзэ, яIофшIэн зэхащэныр пшъэрылъ шъхьаIэу зэряIэр ащ игущыIэ къыщыхигъэщыгъ.

АР-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ иследственнэ гъэIорышIапIэ ипащэу, юстицием иполковникэу Константин Травиныр Адыгеим хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ иминистрэ игуадзэу зэрагъэнэфагъэр Александр Савенковым зэхэсыгъом къыщиIуагъ. 2015-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 15-м УФ-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ иминистрэ унашъом кIэтхагъ.

Илъэс зэфэшъхьафхэм оперуполномоченнэу, участковэ уполномоченнэу, кадровэ IофыгъохэмкIэ инспекторэу Константин Травиным къалэу Калугэ къулыкъу щихьыгъ. 1999-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу икъулыкъу епхыгъагъ транспортнэ полицием.

— ОшIэ-дэмышIэ IофкIэ тиреспубликэ укъызэрэкIуагъэр тигуап, — къыIуагъ АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан. — ЗэгурыIоныгъэ тиIэу Iоф зэдэтэшIэ. Республикэм ис цIыфхэр щынэгъончъэу псэунхэм пае АР-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ IофшIэнышхо зэшIуехы. Мы лъэхъаным бзэджэшIагъэу зэрахьэрэм къыщыгъэкIэгъэным, а лъэныкъомкIэ гумэкIыгъоу къэуцухэрэм язэшIохын анаIэ зэрэтетыр ТхьакIущынэ Аслъан къыIуагъ. Джащ фэдэу, нэмыкI къэралыгъохэм конституционнэ хабзэу арылъхэр къаухъумэнхэм фэгъэхьыгъэ пшъэрылъэу къафагъэуцухэрэр хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ Министерствэм зэрифэшъуашэу зэригъэцакIэрэр АР-м и ЛIышъхьэ игущыIэ къыщыхигъэщыгъ.

***ГЪОНЭЖЬЫКЪО Сэтэнай.***

*Сурэтыр А. Гусевым тырихыгъ.*

# «Студентхэм ягъатхэ» къызэIуахыгъ

**Дунэе фестивалэу «Студентхэм ягъатх» зыфиIорэр тыгъуасэ мэфэкI шIыкIэм тетэу республикэм къыщызэIуахыгъ. Iофтхьабзэр рамыгъажьэзэ АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъанрэ Урысыем иныбжьыкIэхэм я Союз итхьаматэу Павел Красноруцкэмрэ пресс-конференцие къатыгъ.**

Сыхьатыр 20.00-м Дунэе фестивалыр къызэIуахыгъ. Адыгэхэм зэряхабзэу, хьакIэхэм нэгушIоу, щыгъу-пIастэкIэ апэгъокIыгъэх. «Пшъэшъэ Тхьаматэр» зыфиIорэ щытхъуцIэр 2013-рэ илъэсым зыфагъэшъошэгъэгъэ Кукэнэ Беллэ зыщыщ республикэр къыгъэдахэу ахэтыгъ.

Мэхьанэшхо зиIэ IофтхьабзэмкIэ къекIолIагъэхэм шIуфэс сэлам къарихыгъ АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан. Мы Iофтхьабзэм мэхьанэшхо зэриIэр республикэм ипащэ къыхигъэщыгъ ыкIи фестивалым къекIолIагъэхэм зэкIэми шIукIэ агу къинэжьыным фэшI къатефэрэр зэкIэ зэрагъэцэкIагъэр къыIуагъ. Джащ фэдэу фестивалым хэлажьэхэрэмрэ къекIолIагъэхэмрэ закъыфигъэзагъ ыкIи мэфэкIымкIэ къафэгушIуагъ Урысыем иныбжьыкIэхэм я Союз итхьаматэу Павел Красноруцкэр.

Хэгъэгу зэошхом ТекIоныгъэ къызыщыдахыгъэр илъэс 70-рэ зэрэхъурэм фэгъэхьыгъ Дунэе фестивалэу Адыгеим къыщызэIуахыгъэр. Тикъалэ ыцIэ къызытекIыгъэ мыIэрысэ шхъуантIэр мыщ итамыгъэу агъэнэфагъ. Пстэуми ашIогъэшIэгъоныгъэр СаусырыкъоцIыфхэм машIо къызэрафихьыжьыгъэр къизыIотыкIырэ къэгъэлъэгъонэу АР-м и Къэралыгъо академическэ къэшъокIо ансамблэу «Налмэсым» къышIыгъэр ары.

Къыблэ, Темыр федеральнэ шъолъырхэм ащеджэхэрэ студентхэм анэмыкIэу КавказкIыбым ит къэралыгъохэм, Гурыт Азием, Арменией, Азербайджан, Таджикистан, Къыблэ Осетием, Абхъазым, Къырым, Севастополь къарыкIыгъэхэри республикэм къекIолIагъэх. ЗэкIэмкIи хьакIэ 300 фэдиз республикэм къэкIуагъ.

Мэфищым къыкIоцI Iофтхьэбзэ гъэшIэгъонхэр республикэм щыкIощтых. Культурнэ программэ гъэшIэгъонэу зэхащэщтхэм анэмыкIэу зэнэкъокъу зэфэшъхьафхэр щыIэщтых. Зыкъызэрагъэлъагъорэм уасэ афэзышIыщт эксперт зэфэшъхьафхэри республикэм къэкIуагъэх. Анахь дэгъоу зыкъэзыгъэлъагъохэрэр ахэм агъэнэфэщтых.

Фестивалым къыдыхэлъытагъэу Адыгэ къэралыгъо университетым итхылъеджапIэ «Школа научной дипломатии» зыфиIорэр щыкIощт, джащ фэдэу «ДзэкIолI конверт», къэгъэлъэгъонэу «Улица Победы» зыфиIохэрэри зэхащэщтых. Мэкъуогъум и 20-м «Этномода» зыфиIорэ IофтхьабзэрищыIэщт, дизайнер ыкIи модельер ныбжьыкIэхэр зэнэкъокъущтых. Анахь мэхьанэшхо зиIэхэм ащыщ Хэгъэгу зэошхор къызежьэгъэ мафэу мэкъуогъум и 22-м сыхьатыр 4.00-м «ШIэжьым ишэф остыгъ» зыцIэ Iофтхьабзэу гупчэ мемориалым щыкIощтыр. МыщкIэ «Студентмэ ягъатх» зыфиIорэ Дунэе фестивалыр зэфашIыжьыщт.

*(Мы Iофтхьабзэр зэрэкIуагъэр нахь игъэкIотыгъэу къыкIэлъыкIощт номерым къыщыхэтыутыщт).*

***ПIАТIЫКЪО Анет.***

# МЭКЪЭГЪЭIУ

**Ныбджэгъу лъапIэхэр!**

2015-рэ илъэсым иятIонэрэ илъэсныкъо кIэтхэгъу уахътэр макIо. КIэтхапкIэр мыщ фэд:

индексэу **52161-рэ** зиIэу тхьамафэм **5** къыдэкIырэм — **сомэ 892-рэ чапыч 62-рэ;**

индексэу **52162-рэ** зиIэу фэгъэкIотэныгъэ зыфашIыхэрэм апаем — **сомэ 874-рэ чапыч 52-рэ;**

индексэу **14289-рэ** зиIэу бэрэскэшхо мафэм телепрограммэр игъусэу зэ къыдэкIырэм — **сомэ 280-рэ чапыч 68-рэ.**

**Ныбджэгъу лъапIэхэр!**

Лъэпкъ гъэзетэу «Адыгэ макъэр» тэщ пай къызыфыдэкIырэр. ТыкIэжъугъатх тилъэпIэ гъэзетым!




# Iофыгъуабэмэ атегущыIагъэх

**Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фашIэхэр зэрифэшъуашэу цIыфхэм афэгъэцэкIэгъэнхэм ыкIи ахэм шIуагъэу къатырэм хэгъэхъогъэным фэгъэзэгъэ комиссием зэхэсыгъо мы мафэхэм Мыекъуапэ щыриIагъ.**

Ащ хэлэжьагъ Премьер-министрэм игуадзэу Наталья Широковар, Адыгэ Республикэм IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ иминистрэу Осмэн Альберт, АР-м чIыпIэ зыгъэIорышIэжьын къулыкъухэм адэлэжьэгъэнымкIэ и Комитет итхьаматэу КIэдэкIое Руслъан, къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фэшIэ зэфэшъхьафхэр зыгъэцэкIэрэ гупчэу Мыекъуапэ дэтым ипащэу Iэшъхьэмэфэ Азэ, нэмыкIхэри.

2015-рэ илъэсым къызэIуахынэу щыт къэралыгъо ыкIи муниципальнэ гупчэхэу фэIо-фэшIэ зэфэшъхьафхэр зыгъэцакIэхэрэм яшIын зынэсыгъэм зэхэсыгъом щытегущыIагъэх. ЗэрагъэнафэрэмкIэ, мыщ фэдэ офис 16 мы илъэсым агъэпсыщт. Мы Iофыгъом епхыгъэу къэгущыIагъ Осмэн Альберт.

— Пшъэрылъэу тиIэр «зы шъхьангъупчъэкIэ» заджэхэрэ шIыкIэр республикэм щыпсэухэрэм япроцент 90-мэ къызыфагъэфедэн амал ядгъэгъотыныр ары, — къыIуагъ министрэм. — Мы илъэсым къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фэшIэ зэфэшъхьафхэр зыгъэцэкIэрэ гупчэм республикэм ит псэупIэхэм IофшIэпIэ 16 къазыщызэIуихыкIэ, пшъэрылъыр гъэцэкIагъэ хъущт.

Мы илъэсым пыкIыгъэ мэзитфым къыкIоцI къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фэшIэ зэфэшъхьафхэр зыгъэцэкIэрэ гупчэм хэгъэхъогъэным епхыгъэ Iофыгъохэр республикэм щызэшIуахыгъэх. Гупчэ шъхьаIэм епхыгъэ къутэми 6-рэ псэупIэ зэфэшъхьафхэм IофшIэпIэ 16-рэ республикэм къыщызэIуахыгъэх.

Непэрэ мафэм ехъулIэу къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фэшIэ зэфэшъхьафхэр зыгъэцэкIэрэ гупчэ шъхьаIэм икъутамэу 9-мэ ыкIи офис 20-мэ Адыгеим Iоф щашIэ.

Зэхэсыгъом зыщытегущыIэгъэхэ Iофыгъохэм ащыщ республикэм ит псэупIэхэу къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фэшIэ зэфэшъхьафхэр зыгъэцэкIэрэ гупчэм икъутамэ къызщызэIуахыщтхэм гъэцэкIэжьынэу ащашIыхэрэр зынэсыгъэхэр. Ахэр къызщаухынхэ фэе уахътэр агъэнэфагъ.

«Зы шъхьангъупчъэкIэ» заджэхэрэ шIыкIэр къызыфагъэфедэзэ, амыгъэкощырэ мылъкум иобъектхэм адрес ятыгъэным, нэмыкI упчIэхэм зэхэсыгъом ащытегущыIагъэх, пшъэрылъ гъэнэфагъэхэри агъэуцугъэх.

*(Тикорр.).*

ПСЭУПIЭ-КОММУНАЛЬНЭ ХЪЫЗМЭТЫР

# АгъэкIэжьынхэу рагъэжьагъ

**2008-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу унэ зэтетхэм ягъэкIэжьын фэгъэхьыгъэ къэралыгъо программэм Адыгеири хэлажьэ.**

ИкIыгъэ илъэсым унэхэр зэрагъэкIэжьыщт мылъкур цIыфхэм къаугъоинэу зэрытхэгъэ унашъор хабзэм ыштагъ ыкIи ар тигъашIэ щыщ шъыпкъэ хъугъэ.

ИкIыгъэ илъэсым республикэм унэ 14 щызэтырагъэпсыхьажьыгъ, мыгъэ унэ 61-рэ агъэкIэжьын ямурад. ГъэкIэжьын IофшIэнхэр зэрэзэшIуахыщтхэр зэлъытыгъэр цIыфхэм ахъщэр къызэраугъоирэ шIыкIэр ары. Тызыхэт илъэсым зэтырагъэпсыхьажьынхэу къыхахыгъэ унэхэм сомэ миллиони 119-рэ атефэщт. Ащ щыщэу миллионишъэр цIыфхэм къызэхалъхьанэу щыт, къаугъоигъахэр миллион 30.

Унэ зэтетхэм цIыфхэм зэдыряе мылъкоу ахэлъыр гъэкIэжьыгъэнымкIэ Адыгэ республикэ фондым итхьаматэу Пщыгъонэ Руслъан къызэриIорэмкIэ, унэ пэпчъ счет иIэу ахъщэу къаугъоирэр ехьэ. Унэм щыпсэухэрэм яунэ гъэкIэжьын IофшIэнхэр щызэшIуахынхэм пэIухьащт ахъщэр рагъэкъуным пае илъэс пчъагъэрэ уежэн фае.

— ГъэкIэжьын IофшIэнхэр етымыгъажьэхэ хъущтэп, — еIо Руслъан. — ТымыгъэцэкIэжьымэ мыхъунэу къыхэтхыгъэ унэхэр бэ мэхъух, ахэр зэкIэ илъэсыр екIыфэкIэ къэтыухынхэ фае. Ахъщэу апэIухьащтыр ыужыкIэ къатырэ ахъщэмкIэ идгъэкъужьызэ тшIыщт.

Унэхэр зэрагъэкIэжьыщт мылъкоу цIыфхэм къахэкIырэр апэрэ мазэхэм сомэ миллиони 3 — 4 зэрэхъущтыгъэр, джы миллионихым нэсыгъ. Къалэу Мыекъуапэ щыпсэухэрэм нахь чаныгъэ къызхагъафэ.

АгъэцэкIэжьынхэу рагъэжьэгъэ унэхэр щыIэх. Унэ 69-рэ агъэкIэжьынэу рахъухьагъэми, ахэм апэIухьащт ахъщэр икъоу къызэрамыугъоишъущтым къыхэкIэу униир пчъагъэм хагъэкIыжьыгъ. Къэнагъэхэм сомэ миллион 50-м ехъу ящыкIагъ. Арышъ, зигъэкIэжьын зэкIахьащтхэри унэхэм къахэкIыщтых.

Ахъщэм икъэугъоин агъэпсынкIэным фэшI ар зышIомыIоф бысымхэм мэкъэгъэIу тхылъхэр афагъэхьыхэу рагъэжьагъ. Ащ пIалъэу итхагъэм тефэу ахъщэ чIыфэу къытефагъэр къэзымытыжьыхэрэм яIоф судым зэхифынышъ, чIыфэр судебнэ приставхэм къаIахыжьызэ ашIыщт.

Тыфаеми, тыфэмыеми унэу тызщыпсэурэр дэгъоу зэтырагъэпсыхьажьыным пае хэти къытефэрэ ахъщэр ытын фае. Ар псым, газым, электричествэм ауасэ мазэ къэс зэрэттырэм фэдэу типсэукIэ къыхэхьагъ.

***ШЪАУКЪО Аслъангуащ.***

НЕУЩ МЕДИЦИНЭМ ИIОФЫШIЭ И МАФ

# Исэнэхьат ыгукIэ къыхихыгъ

**Илъэс къэс мэкъуогъум иящэнэрэ тхьаумафэ медицинэм иIофышIэ и Мафэу хагъэунэфыкIы. ЦIыфхэм япсауныгъэрэ ящыIэныгъэрэ фэлэжьэнхэу къыхэзыхыгъэхэм шIэныгъэ куумрэ IэпэIэсэныгъэшхомрэ адакIоу, гукIэгъуи, цIыфыгъи ахэлъын фае.**



Зигугъу къэсшIыгъэр зэкIэ хэлъ Джэджэхьэблэ врачебнэ амбулаторием Iоф щызышIэрэ Хьашхъуанэкъо Нуриет. 1987-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу IэпыIэгъу зищыкIагъэу къеуалIэхэрэм ыгу афызэIухыгъэу, нэгушIоу апэгъокIы, ишIуагъэ арегъэкIы.

1967-рэ илъэсым мэзаем и 9-м Нуриет лэжьэкIо унагъо къихъухьагъ. ХъокIон зэшъхьэгъусэхэу Къэлэубатэрэ Тэмарэрэ ясабыйхэм цIыфыгъэрэ шъхьэкIэфэныгъэрэ ахэлъэу зэрапIущтхэм пылъыгъэх. Нахьыжъхэм лъытэныгъэ афашIэу, IэпыIэгъу зищыкIагъэм яшIуагъэ рагъэкIыным сыдигъуи фэхьазырхэу ахэр къэтэджыгъэх.

— СицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу медицинэм епхыгъэ сэнэхьат зэзгъэгъотыным сыкIэхъопсыщтыгъ, — къытфеIуатэ тигущыIэгъу. — Сызэрылэжьэнэу къыхэсхынэу сызыфэе IофшIэныр зэрэкъиныщтым къыхэкIэу сянэ ыгу рихьыщтыгъэп. КIэлэегъаджэ е нэмыкI сэнэхьат къызIэкIэзгъэхьанэу зэрэфаер къыIощтыгъэ, ау сигъашIэ сызэрыкIонэу зытесыубытэгъэ лъагъор зэблэсхъужьыгъэп.

Фельдшерэу еджэным Нуриет кIэхъопсыщтыгъэ, ау а илъэсэу ежь зыщычIэхьащтым зыфэе сэнэхьатым кIалэ нэмыкI амыштэщтэу къыраIуагъ. Ыгу лъэшэу къеуагъ нахь мышIэми, къызэкIэкIуагъэп, зыфаер къыдэхъуным щыгугъыщтыгъэ. КIалэу къекIолIагъэр макIэу къычIэкIыгъ ыкIи пшъэшъэ ныбжьыкIэм зыфэе сэнэхьатыр къызIэкIигъэхьан амал иIэ хъугъэ. 1982-рэ илъэсым Нуриет Мыекъопэ медицинэ училищым чIахьэ ыкIи фельдшерэу еджэ.

1986-рэ илъэсым ыгукIэ къыхихыгъэ сэнэхьатыр къызыIэкIигъэхьагъэу Джэджэхьаблэ къегъэзэжьы ыкIи IэпыIэгъу псынкIэм ифельдшерэу Iоф ышIэнэу регъажьэ.

— 1987-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 13-м апэрэ мафэу Iоф сшIэнэу езгъэжьэгъагъ, — игущыIэ лъегъэкIуатэ Нуриет. — СиIофшIэн тэрэзэу згъэцэкIэнэу сызэрэфэягъэр, сызэрегугъущтыгъэр непи дэгъоу къэсэшIыжьы, ау сызэремысагъэм къыхэкIэу, жъажъэу сыIабэщтыгъэ. Ащыгъум Тырку Гощнагъо сыригъусагъ. СшIэщтыр къысиIомэ, зэрэзгъэцэкIэщтыр къысигъэлъэгъузэ сигъэсагъ. АщкIэ лъэшэу сыфэраз.

Джэджэхьаблэ сымэджэщэу къыщызэIуахыгъэм иотделениехэм ащыщ Нуриет медсестра шъхьаIэу иIофшIэн щылъегъэкIуатэ. Ащ илъэсыбэрэ щылэжьагъэу сымэджэщым хэт стационарыр зэфашIыжьы ыкIи поликлиникэ ашIыжьы. Джащ къыщегъэжьагъэу Нуриет терапевтическэ кабинетым участковэ медсестрау Iоф щешIэ.

— Сэнэхьатэу къыхэсхыгъэм сырыкIэгъожьэу, IофшIэнэу згъэцакIэрэм сыгу фэмыкIоу зы мафи къыхэкIыгъэп, — еIо Нуриет. — Апэу къыхэзгъэщы сшIоигъор коллектив зэдэIужь сызэрэхэтыр ары. Iоф зыдасшIэхэрэр IэпэIасэх, упчIэжьэгъу пшIын плъэкIынэу щытых. Гузэжъогъу чIыпIэ уифэми, зэкIэ IэпыIэгъу къыпфэхъуным фэхьазырых. Зы кабинет сыдисэу Iоф зыдасшIэщтыгъэ Любовь Зинченкэм иIэпэIэсагъэ зымышIэщтыгъэ республикэм исыгъэп сIоми хэукъоныгъэ мыхъунэу къысщэхъу. СишIэныгъэхэм нахь ахэзгъэхъонымкIэ ащ ишIогъэшхо къысэкIыгъ.

Тиуахътэ Нуриет зы кабинет дисэу, Iоф зыдишIэрэ Хьанэхэкъо Замирэт шIукIэ игугъу къешIы. Врач ныбжьыкI нахь мышIэми, ащ шIэныгъэ куухэр иIэх. Iоф зишIэрэр бэшIагъэп, ау а охътэ кIэкIым къыкIоцI дэгъоу зыкъигъэлъэгъон ылъэкIыгъ. ИшIэныгъэ цIыфхэм афегъэлажьэ. Сымэджэщым чIэлъым апэу ыгу къэзыIэтырэр къеIазэрэм игущыIэ фаб. Ар къызыгурыIорэ Замирэт ишэн гъэтIылъыгъэкIэ, ымэкъэ шъабэкIэ сымаджэм ыгу егъэрэхьаты, егъэгупсэфы. Джэджэхьаблэ имызакъоу районым ит къуаджэхэм къарыкIыхэзэ, бэ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэм къеуалIэрэр.

Хьашхъуанэкъо Нуриет иIофшIакIэ имызакъоу, унэгъо рэхьат зэришIагъэм, нахьыжъхэм лъытэныгъэ афыриIэу, лIакъоу зыхэхьагъэр зэригъэдэхагъэм уасэ фыуагъэшIы. 1984-рэ илъэсым унагъо ихьагъ. Ащ къыщегъэжьагъэу ыцIэ дахэкIэ аригъаIозэ, илъэсхэр къызэринэкIыгъэх. Хьашхъуанэкъо Нуриетрэ ишъхьэгъусэу Мыхьамэтрэ пшъэшъитIурэ зы кIалэрэ зэдапIугъ. Ежь янэ-ятэхэм шъхьэкIэфэныгъэу, цIыфыгъэу къыхалъхьагъэр исабыйхэм зэрахилъхьажьыщтым бзылъфыгъэр пылъыгъ. Еджагъэхэу, гъэсагъэхэу, гукIэгъуныгъэ ахэлъэу Нуриет икIалэхэр ыпIугъэх. Ипшъашъэхэу Фатимэрэ Саидэрэ унэгъо дахэхэр яIэх, сабый зырыз апIу. ИкIалэу Шумафэ мыгъэ еджапIэр къеухы, апшъэрэ гъэсэныгъэр зыщызэригъэгъотыщт университетым чIэхьанэу зегъэхьазыры.

— Медицинэм иIофышIэхэм псауныгъэ пытэ яIэнэу, зыпылъ Iофым гъэхъэгъакIэхэр щашIынэу, лъытэныгъэ къафыряIэу псэунхэу сафэлъаIо, мэфэкIымкIэ сафэгушIо, — зэфэхьысыжьым къыIуагъ Нуриет.

ГущыIэгъу тызыфэхъугъэ бзылъфыгъэм игупшысэхэм тэри адетэгъаштэ, медицинэм иIофышIэхэм ямэфэкIыкIэ тафэгушIо.

***ГЪОНЭЖЬЫКЪО Сэтэнай.***

Сурэтым итыр: **Хьашхъуанэкъо Нуриет.**





# Гъэхъэгъэшlухэр ашlых

Адыгэ республикэ кlэлэцlыкlу клиническэ сымэджэщым епхыгъэу кlэлэцlыкlухэм япсауныгъэ зыщызэтырагъэуцожьырэ (реабилитационнэ) отделением 2014-рэ илъэсым ищылэ мазэ къыщегъэжьагъэу Iоф ешlэ. Ыпэкlэ мыр «Солнышко» зыцlэ кlэлэцlыкlу Iэзапlэу ыкlи зыгъэпсэфыпlэу щытыгъ. Черемушкэм щыlэгъэ Iэзапlэр кlэлэцlыкlу Iыгъыпlэ зашlыжьым, мыщ епхыгъэ отделениер сымэджэщым хахьэу ящэнэрэ къатым къыщызэlуахыгъ.

Отделениер къызызэlуахыгъэм къыщыублагъэу зэхъокlыныгъэу фэхъугъэхэм, Iофшlэнхэр зэрэщызэхащэхэрэм фэгъэхьыгъэу гущыlэгъу тыфэхъугъ Iэзапlэм ипащэу Агъыржьэнэкъо Еленэ Хьасамбый ыпхъум. Ащ къызэриlуагъэмкlэ, отделениер загъэпсыгъэм къыщегъэжьагъэу пэщэныгъэ дызэрехьэ. Ыпэкlэ щыlэгъэ Iэзапlэу «Солнышкэм» елъытыгъэмэ, материальнэ базэм ылъэныкъокlэ зэхъокlыныгъэшlухэр фэхъугъэх. Iэзапlэу «Солнышкэм» медицинэ Iэмэпсымэхэр, кlэлэцlыкlухэм япсауныгъэ изытет зэрауплъэкlурэ аппаратхэр ыкlи сэкъатныгъэ зиlэхэм ящыкlэгъэщт пкъыгъохэр икъоу иlагъэхэп. Джы реабилитационнэ отделениер шэпхъакlэхэм адиштэрэ Iэмэ-псымакlэхэмкlэ зэтегъэпсыхьагъэ хъугъэ. Отделением ЛФК, массаж, физиолечение зыщашlырэ кабинетхэр хэтых. Ащ нэмыкlэу психологыр кlэлэцlыкlухэм зыщадэлэжьэрэ кабинет шъхьаф яl. Кlэлэцlыкlум инервнэ системэ зэхэубытагъэу зэрэщеlазэхэрэм имызакъоу, сэкъатныгъэ зиlэхэм шlыкlакlэхэр къафагъотыхэзэ, япсауныгъэ зэрэзэтырагъэуцожьыщтым пылъых. Ащкlэ отделением амал дэгъухэр Iэкlэлъых.

— Сабый къэхъугъакlэм къыщегъэжьагъэу илъэс 18 зыныбжь Iэтахъохэу хэужъыныхьэгъэ уз ыкlи сэкъатныгъэ зиlэхэр къытфащэх, — elo Еленэ. — Ахэм хэушъхьафыкlыгъэу тызэряlэзэщт амалхэр зэкlэ тlэкlэлъых. Ищыкlагъэ хъумэ, кlэлэцlыкlу сымэджэщыр къызфэтэгъэфедэ, кlэлэцlыкlухэр ащ щятэгъэуплъэкlух. Джащ фэдэу зипсихикэ зэщыкъуагъэхэм анэмыкlэу къупшъхьэ ыкlи гу-лъынтфэ уз зиlэ кlэлэцlыкlухэми тяlазэ. Кlэлэцlыкlу пэпчъ иуз елъытыгъэу екlолlэкlэ шъхьаф къыфэтэгъоты, ащ епхыгъ мэфэ пчъагъэу зэрэщылэхэри, гурытымкlэ ар мэфэ 12 — 15.

Отделениер гуlэтыпlэу щыт, тыдэкlи къэбзэ-лъабз. Мыщ Iоф щызышlэхэрэр нэшlo-гушlоу къыппэгъокlых. Зэкlэмкlи отделением палатитф хэт, ар кlэлэцlыкlу 14-мэ ательытагъ. Сэкъатныгъэ зиlэ кlэлэцlыкlухэу зянэ зигъусэхэм апаий палатэ хэушъхьафыкlыгъэ яl. Ежьежьырэу зифэlо-фашlэхэр зымыгъэцэкlэшъурэ кlэлэцlыкlухэм афыхэхыгъэ Iэмэ-псымэ зэтегъэпсыхьагъэхэр палатэм чlэтых.



Отделением врачитlумэ Iоф щашlэ. Ащ нэмыкlэу палатэхэм япхыгъэ медсестрахэр, массаж ыкlи физиопроцедурэхэр зышlыхэрэ медсестрахэр, психологхэр, логопедхэр мыщ щэлажьэх. Мафэм 5 агъашхэх, сымэджэщым чlэлъ кlэлэцlыкlухэм арагъэшхырэм фэмыдэу, мыхэм хэушъхьафыкlыгъэу афэпщэрыхьэх.

— Кlэлэцlыкlухэм узэу яlэм елъытыгъэу поликлиникэхэм, кlэлэцlыкlу диагностическэ гупчэм иучет хэтхэм тяlэзэнэу тхылъ къаратышъ, тадэжь къагъакlox, — elo Еленэ. — Уз хьылъэ зиlэ кlэлэцlыкlухэр илъэсым тlo, щэ фэдизрэ къэтэгъакlox. Ащ фэдэ кlэлэцlыкlухэм тызэряlазэрэм ишlуагъэ къызэрэкlорэр тинэрылъэгъу ыкlи ащ тимыгъэгушlон тлъэкlырэп. Джащ фэдэу кlэлэегъэджэ-логопедхэр тиlэхэу, хэушъхьафыкlыгъэ программэмкlэ кlэлэцlыкlумэ Iоф адашlэ, сабыим иакъыл хэзыгъэхъорэ джэгукlэ зэфэшъхьафхэр афызэхащэх, щагум щагъэджэгух.

Еленэ къызэрэтфиlотагъэмкlэ, Ставрополь дэт къэралыгъо медицинэ академиер къыухыгъ, педиатрие сэнэхьатыр зэригъэгъотыгъ. Еджэныр къызеухым, къалэу Черкесскэ дэт перинатальнэ гупчэм врач-перинатологэу Iоф щишlагъ. Унагъо зехьэм, Мыекъуапэ псэупlэкlэ къэкlуагъ ыкlи илъэсрэ ныкъорэ хъугъэу отделением пэщэныгъэ дызэрехьэ.

— Сабыйхэм сахэтыныр ренэу сикlас, сисэнэхьати ары къызыкlыхэсхыгъэр. Отделением иlофшlэн зыщыригъэжьагъэм къыщыублагъэу гъэхъэгъэшlухэр зэрэтиlэхэр хэткlи нафэ. Ащкlэ зишlогъэшхо къытэзыгъэкlыхэрэм ащыщ республикэ кlэлэцlыкlу клиническэ сымэджэщым иврач шъхьаlэу Гъогъо Жаннэ Кимэ ыпхъум. Иlофшlэнкlэ пшъэдэкlыжьэу ыхьырэр къыгурыlозэ, гуетыныгъэшхо сабыйхэм афыриlэу ипшъэрылъхэр щытхъу хэлъэу егъэцакlэх. Отделениемкlэ тищыкlагъэхэр зэкlэ тегъэгъотых, анахьэу кlэлэцlыкlухэм яшlоигъоныгъэхэр къыдилъытэхэзэ, ахэм ящыlакlэ нахьышlу зэрэхъущтым мыпшъыжьэу ыуж ит. Сыда пlомэ тиlэзапlэ къакlохэрэр зипсауныгъэ зэщыкъогъэ кlэлэцlыкlухэу, хэужъыныхьэгъэ уз зиlэхэр арых, ахэм зэрищыкlагъэм фэдэу унаlэ атебгъэтын, агу цlыкlухэр къыдэпщэенхэ фае. Жаннэ ыгуи, ыпси етыгъэу кlэлэцlыкlу пэпчъ екlолlэкlэ шъхьаф къыфигъотызэ, ахэм яфэlо-фашlэхэр зэрафигъэцэкlэщтхэм пылъ. Гущыlэм пае, сымэджэщым фэмыдэу, кlэлэцlыкlухэр мыщ нахь щыгупсэфынхэм фэшl, отделением идэпкъхэр шъо зэмылlэужыгъокlэ агъэлагъэх, палатэхэри гуlэтыпlэу щытых. А зэкlэри зишlушlагъэр Гъогъо Жанн ары, — elo отделением ипащэ.

— Мы отделениер къызызэlуахыгъэм къыщыублагъэу Iоф щысэшlэ, — elo старшэ медсестрау Пщыгъонэ Фатимэ. — Сабыйхэм Iоф адэсшlэныр сикlас ыкlи нахь сфэlэшlэх. Хэужъыныхьэгъэ уз ыкlи сэкъатныгъэ зиlэхэу къытфэкlорэ кlэлэцlыкlухэм тыгу афэузы, зэрэтфэлъэкlэу тафэсакъы. Мысымаджэхэу тадэжь къычlафэхэмэ нахьышlу, ау арэущтэу зыхъурэм ахэм агухэр къызэрэтlэтыщтхэм, зэрэдгъэчэфыщтхэм ыуж тит. Ар къыдэтлъыти, мы отделениер шъо зэмылlэужыгъохэмкlэ дгъэкlэрэкlагъэ. Кlэлэцlыкlухэм ящыкlагъэр зэкlэ ятэгъэгъоты. Сэ сиlофшlэнкlэ нахь сызфэгъэзагъэр уцхэм якъегощэкlын ары. Врачым къыгъэнэфагъэм елъытыгъэу ахэр кlэлэцlыкlухэм ясэтых. Уцэу тызыфаехэр зэкlэ тиlэх, аптекэу тисымэджэщ епхыгъэм ахэр къытетых. Ащ нэмыкlэу отделением икъэбзэныгъэ сылъэплъэ. Отделениемкlэ типащэу Агъыржьэнэкъо Еленэ Хьэсамбый ыпхъум коллективыр дэгъоу зэрещэ, иlофшlэн щытхъу хэлъэу егъэцакlэ, ащкlэ тыфэраз. Iофшlапlэр ятlонэрэ унагъом фэдэу гупсэфын фае, тиколлективкlэ дэгъоу тызэгурэlo, тыщэгупсэфы.

Iэзапlэм щыlэхэу гущыlэгъу тызыфэхъугъэхэм ащыщ Дмитриченкэ Евгениерэ ащ ипшъэшъэжъыеу Дашэрэ. Пшъэшъэжъыем янэ къызэрэтиlуагъэмкlэ, мыщ апэу къэкlуагъэх, ау ыпэкlэ Iэзапlэу «Солнышкэм» мызэу, мытloу щыlагъэх. Дашэ цlыкlум ыныбжь илъэси 4-м къехъугъ, ау гущыlэныр къин къыфэхъу, игъом къэгущыlагъэп. Евгение къызэриlуагъэмкlэ, отделением къызэрэщяlазэхэрэр ыгу рехьы, мыщ Iоф щызышlэхэрэм агу зэlухыгъэу, нэгушloу къафыщытых. Ипшъэшъэжъые анахьэу физкультурэр ыгу рехьы, ащ нэмыкlэу процедурэ зэфэшъхьафхэр къыфашlых. Ыбзэ къытlупщыным, нахь дэгъоу гущыlэным фэшl логопедым Iоф къыдешlэ. Зэкlэ ыгу рехьы, ау кlэлэцlыкlухэр щыджэгунхэу унэ хэхыгъэ зэрямыlэр Евгение ыгу къео. Гъэмафэм щагум ращыхэшъ, щагъэджэгух, ау кlымафэм нахь къин къафэхъунэу елъытэ.

Илъэси 7 — 8 зыныбжь кlэлэцlыкlухэу Къумыкъу Рустамэ, Никита Хвостовыр, нэмыкlхэри дэгъоу мыщ щызэгурыlуагъэх. Ахэм зэкlэми зэдырагъаштэу къызэрэтаlуагъэмкlэ, отделениер агу рехьы, анахьэу массажыр ыкlи щагум щыджэгунхэр якlас. Тапэкlи мы Iэзапlэм къэкlонхэу зэрэфаехэр къыдгурагъэlуагъ.

Медицинэм иlофышlэ и Мафэу къэблагъэрэмкlэ Адыгэ республикэ кlэлэцlыкlу клиническэ сымэджэщым епхыгъэу кlэлэцlыкlухэм япсауныгъэ зыщызэтырагъэуцожьырэ (реабилитационнэ) отделением иlофышlэхэм зэкlэми тафэгушlo тшlоигъу. Гу кlуачlэу яlэм къыщамыгъакlэу, гушlуагъор къябэкlэу щыlэнхэу тафэлъаlo.

***КIАРЭ Фатим.***





*Сурэтхэр Iэшъынэ Аслъан тырихыгъэх.*